



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN SEMÈN LATÈ A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN UIT NOUVO
PWOJÈ SOU ENFRASTRIKTI ENÈJI RENOUVLAB A GWO ECHÈL**

*Li te kreye apeprè 1,800 djòb, te ankouraje apeprè 800 milyon dola nan
envestisman prive pandan l ap kontribiye apeprè 70 milyon dola nan peman dirèk
pou kominote akèy yo ak ase enèji pou alimante plis pase 150,000 kay nan New
York*

*Reprezante gwo pwogrè pou atenn objektif Lwa sou Klima New York la pou 70
pousan elekrisite renouvlab disi 2030*

Pandan Semèn Latè a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a uit nouvo pwojè enfrastruktir enèji renouvlab a gwo echèl te fini nan sis dènye mwa yo pou founi enèji pwòp bay rezo elektrik New York la. Pandan devlopman ak konstriksyon, pwojè yo te sipòte kreyasyon prèske 1,800 djòb epi yo te ankouraje prèske 800 milyon dola nan investisman prive atravè eta a pandan y ap kontribiye prèske 70 milyon dola nan kominote akèy yo sou fòm peman bay lekòl, vil ak konte. Ansanm, uit pwojè sa yo totalize 418 megawat, ase enèji renouvlab pou bay plis pase 150,000 kay New York kouran epi redwi prèske 600,000 tòn emisyon kabòn chak ane, ki ekivalan a retire prèske 120,000 machin sou wout yo chak ane. Anons jodi a reprezante yon pwogrè enpòtan pou reyalize objektif Lwa sou Klima New York kote 70 pousan elekrisite eta a ap soti nan enèji renouvlab disi 2030.

"Youn nan pi gwo priyorite administrasyon mwen an se transfòme sistèm elekrisite New York la ak bati yon ekonomi vèt k ap pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè enfrastruktir enèji renouvlab a gwo echèl sa yo te sipòte kreyasyon plizyè santèn djòb pwòp ak vèt epi yo pral founi enèji pwòp bay plizyè santèn milye kay New York. Semèn Latè sa a, n ap wè ki jan enèji pwòp ka transfòme kominote yo epi mennen nan yon avni ki pi vèt pou tout Nouyòkè yo".

Anons jodi a te fèt nan yon seremoni inogirasyon pou pwojè Grissom Solar nan Konte Montgomery. Sitiye sou apeprè 40 ekta tè nan Vil Mohawk, pwojè 20 megawat la, ke CS Energy devlope ak konstwi epi MN8 Energy posede avèk finansman fon pwòp ak benefis fiskal ki soti nan M&T Community & Environmental Development LLC, yon sipòtè M&T Bank Corporation ("M&T"), te bati ak 28 milyon dola nan investisman prive

epi li te kreye 148 djòb pou sipòte konstriksyon li yo ak operasyon ak antretyen k ap kontinye nan Mohawk Valley.

Pwojè ki fèk fini yo enkli:

New York Santral

- Janis Solar (Konte Cortland): yon etablisman solè 20 MW ke CS Energy devlope ak konstwi epi MN8 Energy posede avèk finansman fon pwòp ak benefis fiskal ki soti nan M&T Community & Environmental Development LLC, yon filyal M&T nan Vil Willet te fini nan dat 17 mas 2023.

Mohawk Valley

- Grissom Solar (Konte Montgomery): yon etablisman solè 20 MW ke CS Energy devlope ak konstwi epi MN8 Energy posede avèk finansman fon pwòp ak benefis fiskal ki soti nan M&T Community & Environmental Development LLC, yon filyal M&T nan Vil Mohawk te fini nan dat 17 mas 2023.
- Regan Solar (Konte Montgomery): yon etablisman solè 20 MW ke CS Energy devlope ak konstwi epi MN8 Energy posede avèk finansman fon pwòp ak benefis fiskal ki soti nan M&T Community & Environmental Development LLC, yon filyal M&T nan Vil Mohawk te fini nan dat 29 desanm 2022.

North Country

- Chasm Falls Hydro (Konte Franklin): yon enstalasyon 1.6 MW nan Vil Chateaugay ke Ampersand Hydro te retounen an sèvis nan dat 2 novanm 2022.
- Number Three Wind (Konte Lewis): yon enstalasyon van 103.9 MW ke Invenergy devlope nan Vil Harrisburg ak Lowville te fini nan dat 14 avril 2023.

Southern Tier

- Baron Winds I (Konte Steuben): yon enstalasyon van 121.8 MW ke RWE te devlope nan Vil Cohocton, Dansville, ak Wayland te fini nan dat 7 fevriye 2023.
- Eight Point Wind (Konte Steuben): yon enstalasyon van 111.2 MW ke NextEra Energy te devlope nan Vil Greenwood ak West Union te fini nan dat 8 fevriye 2023.
- Puckett Solar (Konte Chenango): yon etablisman solè 20 MW ke CS Energy devlope ak konstwi epi MN8 Energy posede avèk finansman fon pwòp ak benefis fiskal ki soti nan M&T Community & Environmental Development LLC, yon filyal M&T nan Vil Greene te fini nan dat 21 oktòb 2022.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul nan tranzisyon enèji pwòp New York la reyafime avèk pwojè sa yo ki fini, ki te ede bay plis kay kouran ak enèji pwòp, renouvlab, te pote nouvo djòb, epi ankouraje devlopman ekonomik lokal yo. Pandan n ap kontinye sou yon chemen nan direksyon yon avni zewo emisyon, akselere devlopman ak fini plizyè douzèn pwojè ewolyen ak solè nan pwojè aktyèl nou ap kontinye yon priorite pou NYSERDA epi nou espere kontinye travay ak pati konsène yo pou asire pwojè sa yo avanse nan yon fason responsab ak alè".

Pwojè sa yo, ke NYSERDA te bay an 2016 ak 2017, te fini apre angajman pwodiktif avèk kominote lokal yo. Pòtfèy pwojè NYSERDA k ap ogamnte a konsevwa ak konstwi nan fason ki evite devlopman sou tè agrikòl bon jan kalite yo, ki gen ladan mezi rediksyon lè sa nesesè, oswa angaje finansman pou sipòte operasyon agrikòl rejyonal yo - ede prezève ak pwoteje resous agrikòl ak anviwònmantral presye New York yo.

New York gen yon 120 pwojè solid sou enèji renouvlab ak transmisyon ki ankou ke yo prevwa ki pral founi plis pase 14,200 megawat enèji pwòp nan rezo a lè yo fini - sa ki ase pou alimante apeprè senk milyon edmi kay nan New York. Angajman Eta a pou konstwi nouvo transmisyon enèji vèt, ki te dirije pa 402 km nouvo amelyorasyon majè ki deja sou pye nan tout eta a, epi avèk liy transmisyon Clean Path New York ak Champlain Hudson Power Express ki apwouve an avril, pral pèmèt devlopman aktyèl enèji renouvlab yo pou alimante plis pase 66 pousan elekrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo yon fwa ke yo operasyonèl. Pòtfèy enèji renouvlab sa a pral ranfòse gras a sizyèm demann konpetitif NYSERDA, [te anonse](#) mwa septanm pase a, ki mande pou 2,000 megawatt oswa plis nan nouvo pwojè enèji renouvlab a gwo echèl yo, ki kenbe vitès previzib opòtinite kontra avèk eta a pou devlopè prive enèji renouvlab. NYSERDA prevwa anonse sibvansyon yo nan dezyèm trimès ane 2023 a.

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la Rory M. Christian te deklare, "Anons jodi a se yon lòt egzanp ke Gouvènè Hochul rete totalman angaje nan tranzisyon New York nan direksyon yon ekonomi pwòp. Anplis de enpak ekonomik pozitif enpòtan yo pral genyen, pwojè yo anonse jodi a pral bay plis pase 100,000 kay nan New York aksè a enèji pwòp, renouvlab — epi sa se yon viktwa pou tout moun".

Direktè Operasyon National Grid Electric, Brian Gemmell, te deklare, "National Grid fyè dèske li la pou selebre dènye pwojè Grissom Solar isit la nan Johnstown. Pou nou menm, selebrasyon sa yo se yon opòtinite pou travay avèk patnè ak kliyan nou yo pou investi nan pwochen jenerasyon enfrastrikti enèji a, fè avanse objektif mityèl enèji pwòp nou yo, asire yon sistèm distribisyon enèji san danje epi ki fyab, abòdab epi - sa ki pi enpòtan - se yon opòtinite pou nou kite bagay yo yon ti jan pi bon pase jan nou jwenn yo pou jenerasyon kap vini an kòm rekoneans a Jou Latè a nan dat 22 avril".

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Pandans n ap kontinye avanse pou nou atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a, mwen kontan wè pwojè enpòtan enèji renouvlab

sa yo vin sou entènèt. Pandan n ap komemore Semèn Latè a, pwojè sa yo ap montre kijan n ap kreye djòb, sipòte kominote lokal yo pandan Eta New York ap devlope yon rezo enèji pwòp."

Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare, "Founi enèji pwòp nan rezo elektrik New York la enpòtan pandan Eta New York ap kontinye tranzisyon nan enèji pwòp, renouvlab dapre CLPCA. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou angajman yo pran anvè de pwojè solè sa yo, Grissom Solar ak Regan Solar, ki pral benefisye rezidan yo ak biznis yo isit la nan Konte Montgomery".

Manm Asanble Robert Smullen te deklare, "Achèvman pwojè enèji renouvlab revolisyone sa yo trè enteresan pou eta New York—nan selebrasyon Semèn Latè a, yo pa t kapab fini nan yon pi bon moman pase sa. Pwojè sa yo te bay rezo elektrik eta nou an enèji pwòp epi yo te bay Nouyòkè k ap travay di yo opòtinite travay ki nesèsè anpil. Mwen bat bravo pou reyalizasyon sa yo epi mwen pa ka tann pou m wè ki pwochen solisyon inovatè NYSERDA pral abòde pou fè New York vin pi dirab ak efikas nan enèji".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MN8 Energy, Jon Yoder, te deklare, "Revitalize kat nouvo pwojè enèji renouvlab a gwo echèl nan sis dènye mwa yo ki founi enèji pwòp nan rezo elektrik nan New York jodi a se yon etap enpòtan anpil pou MN8. Nou fyè dèske nou te jwe wòl nou nan fè pwojè sa yo vin yon reyalite epi nan pote benefis ekonomik pou moun New York yo, pandan n ap ede eta a reyalize objektif anbisye enèji pwòp li yo".

Direktè Zafè Komèsyal CS Energy, Eric Millard, te deklare, "CS Energy fyè pou l kontinye sipòte pwogrè New York nan objektif klimatik anbisye li yo. Antanke yon devlopè prensipal ak yon kontraktè EPC nan Eta New York, angajman kontinyèl Eta a nan devlopman ak konstriksyon plis pwojè bon jan kalite pou sipòte dekarbonizasyon rezo elektrik la ankouraje nou".

Direktè Jeneral Finansman Enèji Renouvlab M&T, Eric Heintz, te deklare, "Nan M&T, nou kwè objektif nou se fè yon diferans nan lavi moun - epi pwojè sa a pral fè yon gwo diferans nan plizyè fason. Pwojè Grissom Solar la leve kominote lokal nou yo epi sipòte devlopman ekonomik rejyonal, akselere pwogrè nan direksyon objektif klimatik New York yo epi kontribye nan efò mondyal dekarbonizasyon. Nou te onore pou nou fè patenarya ak MN8 Energy sou pwojè sa a, epi nou kontan kontinye investi nan solisyon enèji dirab. Mèsi Gouvènè Hochul ak Gouvènè Adjwen Delgado pou angajman inebranlab nou nan travay enpòtan sa a".

Prezidan New York League of Conservation Voters, Julie Tighe, te deklare, "Pandan n ap selebre Semèn Latè a, wè achèvman uit gwo pwojè enfrastrikti enèji renouvlab se yon rapèl pisan nan angajman New York pou yon avni enèji pwòp. Anplis de sa, pwojè sa yo ap kreye travay epi ankouraje plizyè milyon dola nan investisman nan kominote lokal yo, pou asire pèsan pa rete dèyè nan tranzisyon nou an nan yon ekonomi vèt. New York League of Conservation Voters felisite Gouvènè Hochul ak

NYSERDA paske yo te mete Eta New York pi lwen pase aspè planifikasyon epi pi pre pou atenn objektif anbisyè nou an ki se 70 pousan enèji renouvlab dis 2030".

Direktris Egzekitif Alliance for Clean Energy New York, Anne Reynolds, te deklare, "Objektif aksyon klimatik yo vin tounen objektif konstriksyon kounye a, epi anons jodi a montre New York sou wout enèji pwòp li yo, menm si nou gen plis bagay toujou pou nou akonpli. Endistri enèji pwòp la ap investi nan New York, l ap kreye djòb, epi l ap fè efò pou l fini pwojè enèji renouvlab yo. Nou dwe kenbe elan sa a epi pote plis pwojè ewolyen ak solè sou entènèt".

Defansè Prensipal Enèji Renouvlab nan Natural Resources Defense Council, Cullen Howe, te deklare, "Fini uit nouvo pwojè enèji renouvlab a gwo echèl nan Eta New York pral bese pri enèji epi ede respekte pwomès CLCPA pou yon avni enèji pwòp. Enèji renouvlab yo ap ranplase plis konbistib fosil sal san yo pa konpwomèt fyabilite, pandan y ap diminye emisyon kabòn ak polisyon lè nan kominote yo atravè eta a. Pwojè sa yo, ansanm ak anpil lòt pwojè renouvlab kounye a ki ankou, fè avanse objektif eta a pou 70% elektrisite renouvlab dis 2030, epi yo aliyen ak lasyans ki montre emisyon gaz a efè sè yo dwe redwi omwen mwatye nan deseni sa a pou evite yon katastwòf klimatik".

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon dis 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)